



# Mrs. Brown Went to Town/Madan Brown al Lavil

(by Wong Herbert Yee )

Translated to Haitian-Creole



Madan Brown t ap viv sou yon abitasyon ki te gen yon bèf, de kochon, twa kana, ak yon bèt ki sanble ak bèf yo rele yak. Yon jou, Madan Brown desann lavil sou bisiklèt li. Yon ti chen mòde pye l pandan l ap kondwi bisiklèt la. Madan Brown oblije al lopital. Li ekri yon ti nòt voye bay bèf la, de kochon yo, twa kana yo ak yak la. Li di yo nan nòt la: “Pa fè dezòd, m ap retounen lè mwen santi m byen”. Faktè a fè delivrezon nòt la.

Lè bèt yo li nòt la, yo vin gen yon lide. Yo vote pou yo bwote antre kay Madan Brown. Yo eseye mete rad manmzèl sou yo. Yo ponpe sou kabann nan. Yo pentire kay la wouj. Yo manje tout manje ki gen nan kay la. Alafen jounen an, yo tout benyen nan douch la, yo mete makiyaj, yo mete pijama Madan Brown, epi y al dòmi sou kabann Madan Brown.

Lopital la ekzeyate Madan Brown a uit è jou swa sa a. Li pran yon taxi pou l al lakay li. Li bwate pou monte anlè. Li monte kabann li san li pa gade. Li pa wè si bèf la, de kochon yo, twa kana yo ak yak la ap dòmi sou kabann nan. Atè a koumanse sekwe, mi ak fenèt yo koumanse tranble. Mouvman sa yo fè Madan Brown leve atan pandan kabann nan ap kraze.

Polis te rive anpremye, apre sa ponpye vini. Finalman, yon anbilans vini e li mennen Madan Brown ak bèt yo lopital. Apre kèk jou, doktè ekzeyate Madan Brown ansanm ak bèt yo. Yo tout chita kwense nan yon taxi pou retounen lakay yo. Chofè taxi a depoze yo devan kay la. Li netwaye plim ak cheve ki atè a. Lavi nan fèm nan pat janm konsa anvan Madan Brown t al lavil. Men kounye a, Madan Brown ap viv nan kay bèt yo ak bèf la, de kochon yo, twa kana y oak yak la.

## **Lesson Activities:**

### **Vocabulary:**

Mouvman (Commotion); delivrezon (delivered); plim (feathers); lage (released); fatigue (tire); mete (wearing); gadmanje (pantry); prepare (prepared); ekzeyate (released); bwate (hobbled);

### **Supporting Comprehension:**

Ask the students the following questions after reading the second paragraph. Ask the student to summarize the story at this point.

1. Kouman w panse Mrs. Brown ap santi l si li konnen bèt yo t ap ponpe sou kabann li.
2. Ki konsèy ou ta bay bèt yo anvan Madan Brown tounen? (netwaye kay la anvan li retounen)
3. Eske w panse bèt te konsène de sa Madan Brown ap di lè li retounen? Poukisa?

Ask the students the following questions after reading the whole story:

4. Kisa w panse ki ka rive Madan Brown ak bèt yo kounye a pandan kabann nan ap kraze?
5. Kisa ki rive bèt yo lè kabann nan tonbe atè?
6. Ki kote anbilans lan ap mennen Madan Brown?
7. Poukisa Madan Brown retounen lopital?
8. Poukisa bèt yo nan lopital la tou?



plim	delivrezon	mouvman	lage
fatige	mete rad	foul	kalm
kaptif	plen	achte	prepare
pre	paye	De fwa	lèt
Vote	vil	gadmanje	diferan